# Арал диярының муқаддес мәканлары ҳәм зиярат орынлары
# (xx әсирдиң ақыры – xx әсир басы)

**А.А. Самуратов**
Әжинияз атындағы НМПИ, Нөкис қаласы

Орта Азияның муқәддес мәканлары ҳәм зиярат орынлары контекстинде, Арал теңизи делталарында жаңа дәуирде пайда болған ата-бабаларымыздың муқәддес қәдем жайларын изертлеў, үгит-нәсиятлаў мәдений-гуманитарлық тараўларда әҳмийетли мәселелердиң бири болып табылады.

Уллы бабаларымыздың өмири ҳәм руўхый мийрасларын терең үйрениў ушын барлық шараятларды жаратамыз. Халық зиярат етип, ҳақыйқый руўхый азық алатуғын бундай руўхый ағартыўшылық орынларды буннан былай да абат етип, келешек әўладлар ушын сақлаўымыз керек,- деген еди Президентимиз Шавкат Мирзиеёв (Халық сөзи. 2017-ж. № 259 саны, 1 бет)

Қубла Арал бойы Әмиўдәрья дельтасындағы «Қум-өзек» елатында «он-төрт руў-қарақалпақ»лары жасаған [1]. Арқа регионда тәлим-тәрбия ҳәм диний-ағартыўшылық тараўында хызмет көрсеткен Шайх Имәматдин Муҳаммед ийшан ҳәм оның әўладлары Атаўылла ийшан, Ҳәлийла ахун-ийшан, Бахаўаддийн ийшан, Инийт ийшан ҳәм басқалардың ел-жүрт, халық мәпи үшын пидайылық ҳәм пазыйлетли ислерин тарийх умытпайды [2: 43].

Президентимиз Шавкат Мирзиеёв Нөкис қаласындағы «Имәм Мухаммед-ийшан» жомъе мешитинде болды, Уллы бабамыздың өмири ҳәм руўхый мийрасын терең үйрениўди айтты (Народное слово.2017. 19 декабрь, №254).

Әмиўдәрья делтасының арқа бағдарындағы үлкен арнасы бурынғы Кердер-Қарадарья-Қуўаныш жарманың бойында «Қум-өзек» ийшанлары қорған-қалалар, мәкән-жайлар қәлиплесип барып ел-журтты жәмлестирип, оларға руўхый-ағартыўшылық, диний-ағартыўшылық хызметлерде үлес қосқан хәзирги ахун-ийшанлардың бири – Турым улы Жақсымурат ийшан болып табылады. Ол «Қум-өзек» бойында туўылған, Молла Имәматдийн Муҳаммед ийшан мешитинде тәлим-тәрбия алған, соң Хийўа қаласында медресе оқыў несип еткен. Ол он алты жасында зийрек, шаққан болып Хорезм журтына тәлим-тәрбия алыўға баратырған моллаларға ерип барған, мусылманшылық саўаты, «Қуран» оқыўдағы шийрин хаўазы менен устазларды таң қалдырған.

1873-жылы Патша Россиясы Хийўа ханлығын жаўлап алғаннан соң, Хорезмдеги қарақалпақ моллалары, мешит-медреселерде оқыўын тамамлап көпшилиги «Әмиўдәрья бөлими» сорамына өтти. Олар туўылған аўылында «жәдидшилик» ағымында, аўылда мешитлер ашты, балаларды хат таныў, хат жазыў, хат оқыўдың тез, үлги усылында сабақлар берди, устазлық етти. Олардың бири Қуўаныш жарма бойы «Қосдарға» аўылында Патылла улы Сержан ахун, Хорезмде үйренген «алгебра мектеби»ниң сырларын балаларға үйреткен.

«Қум-өзекли» елат, «Тубай» аўылда, Жақсымурат ахун-ийшан аўылда мешит ашып жәдидшилик усылда балаларды оқытқан (информатор Мәдияр Жақсымуратов, 2018-жыл. Магистр А.А.Самуратов дала жазыўы). Ғәрезсизлик шарапаты менен елимизде халық ушын хызметлер көрсеткен, диний ағартыўшылық ҳәм тәлим-тәрбияға үлес қосқан қарақалпақ ийшанларың өмири, мийраслары, хызметлери туўралы баспа сөзде жәмийетлик ой-пикирлер, мақалалар жәрияланды [3].

XIX әсирдиң ақыры – XX әсирдиң биринши шерегинде Қарақалпақстан халық билимлендириўи, диний-ағартыўшылық тараўда хызмет еткен миллий зиялылар, молла-жәдидшилер, ахун-ийшанлардың өмири, мийраслары ҳәм олардың муҳәддес мәканлары, зиярат орынларын үйрениў, қәстерлеп сақлаў, үгит-нәсиятлаў бүгинги күнниң дәўир талабы. Үлкемиздеги муқәддес қәдем жайларға ишки туризмди шөлкемлестириў, жасларды ўатанды сүйиўшиликке ҳәм өтмишке ҳүрмет сезимин күшейтиў тәлим-тәрбия ислери – мәмлекетлик сиясат, хәрекетлер стратегиясында белгилеп берилген ўазыйпалардың бири болып табылады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. О.Юсупов. «Ийшан қала». //Вестник ККФ АН УзССР 1984, №2; Х.Есбергенов. «Кум-өзек» ийшанлары туўралы. //Вестник ККФ АН РУзССР 1984, №3

2. Ғ.Хожаниязов, О.Юсупов. «Қарақалпақстандағы мүҳәддес орынлар». - Н., 1994, 53-бет; «Арал». 1993. №2-3

3. «Қарақалпақстан жаслары». 26 апрель 2001 жыл №18; «Әмиўдәрья» №1, 2017-ж.; «Устаз жолы». 29 ноябрь 2012-жыл